1942 гъэм щыщlэдзауэ 1943 гъэ пщlондэ Налор Ленинград дэт дзэ-инженер еджапIэм щеджащ. 1943 гъэм и накъыгъэ мазэм лейтенант Нало Ахьмэдхъан фронтым Iухьэкри, зауэр иухыхукlэ хэтащ сапер взводым, ротэм я унафэщlу. Зэрихьа лhыгъэмрэ кьыгъэлъэгъуа хахуагъэмрэ папщlэ Налом Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр, Хэку зауэ орденым и етlуанэ нагъыщэу тlу, Невский Александр. Багъуэ Пэтыжьфэ орденхэр, СССР-м и медалу 10, Полыщэ республикэм и медалыр кьыхуагъэфэщащ.

1946 гъэм зэкъуэкlыжри, Iэскэн райисполкомым щыгъэжьащ. 1947 гъэм ВКП(б)-м и обкомым и партхурсхэр кьнухащ. Иужькlэ Нало Ахьмэдхъан педагогикэ институтым щlэныгъэхэр 1951 гъэм кьнухащ икlи бзэщlэныгъэхэмкlэ кандидат хъуащ. КъБКЪУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и кафедрэм и доценту лжьбащ. Абы адыгэбзэм зегъэужьыным пыщlа къэхутэныгъэшхуэ иригъэкlыжащ. Москва кьыщыдагъэкlа «Адыгэ-шэрджэсыбзэм и грамматикэ», «Урыс-адыгэ-шэрджэс псалъалъэтхыльхэр зыгъэхьэзырахэм яхэтащ.

Налор ящыщщ литературэм бжыпэр щызыубыдахэм, зи тхыгъэкэ щызыубэм ягу дыхьа тхакlуэхэм. Ар Тхакlуэхэм я зэгухьанныгъэм илъэс зыбжанкlэ хэтащ. Щlалэ дыдэу Хэку зауэшхуэм кlуэну кьызыхиуха Ахьмэдхъан псэуху щыгъупщакъым а зэман гуащlэм ди цыхухэм зэрахьа лhыхъжьыкlыгъэр, абы дапхуэдиз гугъуехьэр бэлыхьэр ягъэвами, зэманыр хьэтъэми цыхугъэр яфlэмыкlуэду кьыдэпежар.

Абы и рассказхэр гукъинэ щщызыщlыр тхакlуэр зытепсэтыхьэ Iужьгъуэхэмрэ кьигъэщlа образэмрэ къэгупсыса куэдей мыхъуу, езым и нэгу зэрыщlэкlарщ, гъащlэм кьызэрыхьарщ. Налом и тхыгъэхэм нэхъ гуаУэ, гуэвэгъуэ гуэр кьыщыхъащlкlи, тхакlуэм хуэзфlокl цыхугъэмрэ гущlэгъуэмрэ Iэщlыб имыщlын. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, зауэм и мафlэм хэтми я нэхъ псэзэпытхъэпIэм кьхутами, лhыгъэм щыгъуэ цыхугъэр, псэ кьабзагъэр зыфlэмыкlуэд ди зауэлhыр. А гуэрыгъуэр щыпхыщащ зауэм теухуауэ Налом кьыщIэна и тхыгъэ купщlафIэхэм цыхуэхэр щlэджыкlыху, абыхэм зыхуагъэзэкъ.

Мыбдеж зи гугъу щытщlахэр кьыщыгъэпъэгъуэжа, Хэку зауэшхуэм теухуауэ Налом итхам щыщ зы новеллэ фи пащхьэ идоптхъэ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.



тlэIур щызэ зыгъэзынэжуа сэлэтым и нэгу кьыщIыхьэж гукъинэжэр, абы и гупсысэ-гурыщIэкъэр, зыIут зауэм абы гугъуехьу щиригъэвхэм кьадэкlуэу, абы и нэгу щlэтщ и жьэгу пащхьэри, куэд щlауэ имыльэгъуа бынунагъуэри, и щхьэгъусэри, мамыру щlепсэуа зэманым епха нэгъуэщI гукъэкlыжхэри.

Тхакlуэм зауэм и пжьр зэи щIиуфэркъым. Абы хэт щlыхуэм я щхьэм итыр, я гум щщlэр художественнэ Iэмал щэрыуэхэмкlэ уегъэльагъу, а псор зи фэ дэкl щlыхуэм удогузавэ, гуэхэпъуэ щиIэм удогуфIэ.

Тхакlуэ, щIэныгъэлl Нало Ахьмэдхъан дэ зэи дигу ихунукъым, абы и тхыгъэ купщlафIэхэм щlыхуэхэр щlэджыкlыху, абыхэм зыхуагъэзэкъ.

Мыбдеж зи гугъу щытщlахэр кьыщыгъэпъэгъуэжа, Хэку зауэшхуэм теухуауэ Налом итхам щыщ зы новеллэ фи пащхьэ идоптхъэ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

●Ди хьэщlэщым

*Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыблагъэ щыхьэщlащ Израилым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэу Хьун Щэукъуийрэ Бжьэдыгъу Щэукъуийрэ. Ахэр адэжь лъахэм, кьызэреблагъэжар гуапэ тщыхьурн, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцIэм къедгъэблэгъащ, упщlэ зыбжанэкlи захуэдгъэзащ. Щlалэхэр кьызытекlуэха Iуэхум дыщыщlэупщlэм, жьыджаIащ Рихьэние кьуажэм щыIэ къэфакlуэ ансамблым фащэщlэхэр кьызэрыхуащхэуар, абы ирахьэлIэну хьэпшыпт цыкlуфэкlуэр Налшык ирахьну зэрамрадыр. Хэкуэм кьыхуэгумащlэ, щlэблэм адыгэу якlуэцlыльу кьэгъэхьуным хуэпабгъэ щlалэхэм я кьалэн нэхъыщхьэу кьалытэр хэхэс гъащlэр зи натlэ хуэя и гъэпсыкъэгъуэхэр нэгъуэщlхэм яхэмышыпсыхьыжу кьызэтегъэнэнырщ, тхыдэр, щэнхабзэр, бзэр хьума зэррыхьуным и хэкlыпIэхэр кьэгъуэтыныщ. Хьэщlэхэм кьызэрыдгъэжалажкlэ, езыхэм я гупсысэкlэм, я дуней тетыкlэм кьытехуэхэр щыкуэдщ Израилым. Къащтэмэ, Хьун Щэукъуийр мурад ящlа къудей мыхьуу, адыгэ Iуэхум уэ зэпэжьэн зэрыщlидзэрэ куэд щlауэ. И ныбжь нэсу дзэ Iэнатlэм кьыпэрыкlыжа нэужь, нэхъ хэкъуэгъуэ нужь ихьащ льэпкъ Iуэхур гъэкlуэтэным.

«Кавказ къуршхэр», «Кавказ уэсыр», «Кавказ щхъанlагъэр» нэгум кьыщlэгъэхьэгъуейуэ зэрыдахэм дыщlапIыкlащ, ахэр уасэишхуэ кьэ-тlыпгъэ дыкъэхъащ. Хэт хуэмейр апхуэдэ льахэм, хэхэсу кьыщамылъытэ щlыналъэм исыжыну...

- Фэ зыбжанэрэ Хэкум фыкьэкlуащ. Iупэу фыкьыщlебгъэкlыну нухькlи сыт хуэдэ гурыщIэ кьыкlнта адэжь льагъэм? Сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ Хэкум хэхэс гъащlэр зыгъэуэнэхуам и дежкlэ?

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Израилымрэ адыгэ Iуэхум зэпещIэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

- Илъэс 15 и пэкlэ Рихьэние адыгэ музей кьыщыхэзlусхащ, - кьыддогуащэ Хьуныр.

- Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху у, ауэ щlэж сызыгъэпIейтей Iуэныкъуэгъэм - льэпкъым и тхыдэр, абы лIэщlыгъуэхэм кьапхиха хьугъуэфIыгъуэ псори ищlэжьын зэрыхуейм - и хэкlыпIэ кьэсылытэри, апхуэдэ мурад сщlауэ щытащ. Хамэ кьэралхэм зэбгрыпхъа щы-хьуэ льэпкъхэм я щlэ кьиригкlуам дэ фIыуэ дыщыгъуаззщ икlи а Iуэхум фIы и льэныкъуэкlэ зихьуэжьым зэгъуэгу зелъэжьын хуейщ. Израилым щыхэзэс адыгэхэм и кlэм нэсу ящlэрыкьым льэпкъ тхыдэр, щэнхабзэм и беягъэр, хабзэм, ди адэжьхэм я дуней тетыкlэу щытам я тельыджагъыр. Ар псоми зэрызыхэхуэ яжепIэкlэ, уэзыуэрр кьхъхулIэнукъым. Абы ипкъ иткlэ, ищхьэкlэ зи гугъу сщlахэр нэрылъагэу, Iупщlу, гурыIуэгъуафIэу си льэпкъэгъуэм я дежкlэ. Израилым щыпсэуу, бзэ дахэ зыIурылъ, хабзэ гъэщlэгъуэн зезыхьэ адыгэ льэпкъым и блэкlар зыщщыбгъэгъупщlэ хуэнукъым, псом хуэмыдэу абы мыхьэнэшхуэ иIэщ хэхэсхэм я дежкlэ. Муэйм щlэльщ тхылъхэр, сурэтхэр, картэхэр. Абыхэмкlэ школаIуэхэм, студентхэм зыщагъэгъуэзэфынущ кьызыхэкlам и дыгъуэзрей гъащlэм, апхуэдэуи хамэ къэралхэмэ хэкуэкьми ис адыгэхэм я нобэрей псэукlэ-хэр зыхуэдэгъэрыбнущ.

Iуэхущlапlэм и Iуэхур зэтедубла нэужь, дэ кьызыдэхэгъэщащ кьэфакlуэ ныбжьыщlэхэр зыхэт ансамбль.

- 2007 гъэм Налшык къакlуэу кьалащхьэми ди куейхэми концерт щызытауэ щыта къэфакlуэ гупра зи гугъу пщlыр, Щэукъуий?

- Ара дыдэщ, «Куащхьэмахуэ» ансамблым и хьыбарри, ята концертхэр зэрекlуэкlари тевдзауэ щытащ фи газетым. Абы щыгъуэ хэкурысхэм я гуапэ ящlа кьудейтэкъым ныбжьыщlэхэм, атlэ езыхэми хуабжьу я нэгу зрагъэужьауэ, я льэныкъуэхэм я псэукlэр, адэжь щыналъэм и дахагъыр зрагъэлъэгъауэ нэкlуэжауэ щытащ. Иджыри кьыздэсым яхуэхуэхыркъым абыхэм адыгэ хэгъуэгъуэм щальэгъуаэмрэ зэрагъэхьэщlахэмрэ. Иджы абыхэм я фащэхэр щlэкlэ яхуэдщхьэкlри, вакъэ, бгырыпх, фащэм ирахьэлIэ нэгъуэщI хьэпшыпхэр кьэтщэну дыкьэкlуауэ аращ.

- Дэ зэрытщlэмкlэ, Израилым Хасэ щолажьэ, музей кьыщызэгъуэхащ, кьэфакlуэ ансамбль яIэщ, щколхэм адыгэбзэ щрагъэдж... А псомрэ фIэщхъуныгъэ кьыпхахьхэ хэхэс адыгэхэм я Iуэхур нужьрей зэманым нэхъ ефIэкlуауэ.

- Узахущ. Кьапщтэмэ, Израилым щыпсэухэм льэпкъ Iуэху зэрахуэныкlэ я кlэн нэхъ кьинlау я кьэпIыкlуэ хуэнущ икlи абы и фIыгъэкlэ, адрей кьэралхэм ельытауэ, абыхэм Iэмал нэхъыбэ яIэщ ди хабзэхэр яхуэмэныкlэ, нэгъуэщlхэм яхэмыгъуащэу кьызэтегъэщlэну адыгэ кьуажэм щыIэ псоми дыхуитщ, зы кьуажэ дэсу зэрыщыстым и фIыгъэкlэ зэрыгъэпсалъэрэ я анэдэлъхубзэщ... Кlэщlу жьыпIэмэ, Израилым и демократием дэ фIы куэд кьытхуэджlуащ. А псом я нэхъыщхьэу кьэсылытэр сабии балигым я бзэмкlэ зэрыгъэпсалъэрщ, унагъуэхэм адыгэбзэр зэрыщызэкlуэрщ.

Бжьэдыгъу Щэукъуий:

- Пэжщ Щэукъуий жиIэр. Дэ кьуажэ щыкlуитlу дызэрыгъэхэсым ди Iуэхур куэдкlэ нэхъ тынш ищlащ. Нэхъыщхьэу дызэгуГупр кьыдэжьуэтей щlэблэм адыгэбзэр яIуры-льынращи, Тхьэм и щыкуркlэ, кьыдохъулIэ. Сэ си гур хегъахьуэ уэрамым сыкьыщlэкlам адыгэбзэ зэрызэхэсым, зыгуэрым и унагъуэ себлэгъаи анэдэлъхубзэкlэ кьыдзэрыящыщу спортым и мастеру 5. Iпэ увыпIэм щыщlэбыдащ Щэджэм районым и лыкIуэ Мафlэдзэ Анатолэ. Прохладнэдэс Кузин Владимир етIанэщ. Жэз медалыр кьыдльысащ налшыкдэс Дол Барэсбий.

ЕФЭНДЫ Ермэнбий.

«Кавказ къуршхэр», «Кавказ уэсыр», «Кавказ щхъанlагъэр» нэгум кьыщlэгъэхьэгъуейуэ зэрыдахэм дыщlапIыкlащ, ахэр уасэишхуэ кьэтlыпгъэ дыкъэхъащ. Хэт хуэмейр апхуэдэ льахэм, хэхэсу кьыщамылъытэ щlыналъэм исыжыну...

- Фэ зыбжанэрэ Хэкум фыкьэкlуащ. Iупэу фыкьыщlебгъэкlыну нухькlи сыт хуэдэ гурыщIэ кьыкlнта адэжь льагъэм? Сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ Хэкум хэхэс гъащlэр зыгъэуэнэхуам и дежкlэ?

●ЪБР-м щыIэ МВД-м къет

Iэщэкlэ къахэуар яуклащ

Блыщхэ яIуам сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 55-м Бахъсэн кьалэм, Къущхьэм и щlэр зезыхьэ уэрамым, ухуэныгъэхэр щекlуэкlи щlыпIэм дежкlэ КъБР-м и хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ абы егъэщlыпIа къаруэмрэ я Iуэхум щыгъэ-зэгъуэгу Iэщlэкlэ зыгъэ-щlэзыуэда бзаджащlэхэм я дэIэпыкъуэгъу, нэхъапэм куэд щытращlы-хьауэ щыта, 1981 гъэм къалъхуа Къаздэхъу З.

Щlыпlэр щыщlащыкlым къагъуэтащ Токаревым и кlэрахъуэм, мм 7,62 хуэ м кьеIуэ «ТТ» лIэужьыгъэр, абы и шэхэр.

КIэрахъуэшэу 5, Калашников и автоматымрэ пулеметымрэ я шэу 7, «Винторез» Iашэм кьеIуэ 25-рэ.

Уголовнэ Iэпху кьалэтащ.

Мин бжыгъэкlэ къытрах

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ, налог щlэпхъаджагъэхэм япэщlэтыныжьмкlэ и Iэнатlэхэм я лэжьакlуэхэм хабзэм я кьемызэгъыщ ящ, щыхум и узынщагъэмкlэ зэран фадэхэкlэхэр къытрах.

Зы жэщ-махуэм кьриуфыдзу «Налшык» сату щlыпIэм («Дубки» бзэзрым) кьыщlэрахащ федеральнэ маркэ хэхахэр зытемыгъэуэ фадэхэкlэ бащlыфIэ 5749-рэ. Аэр экспертизэм яшащ.

Лэжьыгъэм адэкlи пащэ.

Къэрал кlуэцlыгъуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Сэлэт шыуанжьей

Новеллэ

БЖЭГЪУ кlэщlищ зэупсеящи, я щхьэм уэрдыхьу псыгъуэ щыкlу кьыифIэдзэжащ, уэрдыхьым льахъшэу пылъэл Iущ! кlапсэ ящlа-гъыщхьэм Iэщlэ ящlа-гъыжьам сэлэт гъуапIэ шыуанжьей уфIыцIа зэхэупIыщIуар икъу фIыцIэмкlэ кьэрэкъэшым фIэдзащи абы зыкъыфIидзыжьыну зеукlыжь: мэфий, мэкlий, мэпапщ, мэщатэ, долъей, кьолъых, лъэныкъуэкlэ ирешажьэрэ зыхурейуэ кьежьых, ижьымкlэ зыщlедзэ, сэмэгумкlэ зедзыж, арщхьэкlэ дэнэ? - сэлэт мэжьIахэм щэджагъуашхэ ягъаво - даутIыпщрэ?!

ЕпIэтIауэу лъахъышм пыль шыуанжьейм и теплъэкlи шыуанжьей нэхърэ лэгъуэпжьей нэхъ хуэфащэт щIэуэ, ауэ сэлэтым абы фIащар зэрышыуанжьеим щхьэкlэ дэри а щlэр зэтхъуэкlыжьыныкъым: щIэркъым Iуэхур, Iуэхур и фIыгъэ и гумрэщ. А льэныкъуэмкlэ Iуэхум убгъэдыхьэмэ, абы и фэр гъуэпль-льду (кьызыхэщlыкlа гъуапIэм ещхьу) сэлэтым кьыIэрыхьауэ щытащ, иджы и фэр мафIэмрэ удынымрэ ирахащи, сыт хуэдизкlэ пшахьуэрэ чырбыш кьутакlэ имыльэщlами щlаладэ кьытеуэжыркъым, удынем кьытридзэ дыркъуэхэр нэхъ Iупщlу зэлъа хуэ мыхьумэ, ари псынщlэ дыдэу мэуфыщIыж. Апхуэдэу шыуанжьеим и фэр иуда щхьэкlэ, и гур яхуидакьым, и кlуэцlыр нобэми ныжэбми льдыжу мэщlу. УмыщIуи епльыгт: граммищэ хьу фадэгъкъэр кьракlэри праф, лэпс шынакъ кьэрагъакъэри ар ирафа нэужь, кашэ гъэрыр кьралъхьэри ари ирашх, абы иужькlэ псыкlэ, псы ямыгъуэтмэ, уэскlэ ятхьэщlыжри компот гуэрыр трафыхьыкри, - уи адэ и ней кьыщlыхэ иджы сэлэтым - шыуанжьейри сэлэт хьэпшып-кьэпым кlэрыщlэжауэ зууэ екъжьащ. Дагъи, шыгъуи, уэди, пшэри, топыщэм иукlа шыми, кlэртIофи, урыс борщи, украин фызыжь нэпскlэ шыуа шэ гъэпщтаи...Сыт кьэнэжа уэ уи кlуэщlым имыльауэ, Шы-уанькlей? Зыри! Абы ягъэуфIыщIрэ-тIэ шыуанжьейрэ кlуэцlыр? ЯгъэуфIыщIыркъым - ягъэщlу!

«...ЛьэныкъуитIри биитI зэхуакум еуэу щIадзащ... Саперхэм къаубыда блиндажри абы хиубыдащи толькъун хуэхуафэжьейуэ зэредзэ: пщlыхьэпIэ мамыр зыльагъуу жея сэлэтхэр кьызыхэуща гъащlэр гуэжьсигъуэт: нарым тельхэр къридзыхри льэгъум щыльхэм къахидзауэ, псори щIеупскlэ, блиным иреудэкlэ, зы пIанэпэ щхьэхуэу дэхуа шыуанжьейр «дзаргъыщхъэ» жиIэу кьеГащэ, а «дзаргъыр» топ къауэ макъым нэхърэ нэхъ пластхъэу сэлэтыгум йопIэхтхь, унэм щIэта бампIэрымэм гын гъуэзыр хьхьэжащи бэуапIэ ямыгъуэтыжу щlыхуэхэр кьоскъ, мапсчэ, мэхъуанэ; щlыбым дунейр щокъутэж: ажалыр мэгъуэхьуэ, сапер зызыгъэпщкlуэжэр щlым кьыщlитхьуну кьретхъу, адрейхэми щlым нэхъри зыхакъуэ. Топышэ кьуг макъыр нэхъ гъунэгъу кьэхъуху, я щхьэфэщыр тэджауэ поплъэ «Арауэ пIэрэ «сысейр?», - жаIэ, ауэ ар зэрыблэкlыу «хьэуэ» щlагъуж... «Дапщэ хьуа сэлэт, «ара» зыфIэпщам и бжьыгъэр?», «Ильъэ дапщэ дэда нетI» укъызэрыщрэ иджыри?». Иджыпстэу уэзщlыпхьа хьыджэбзымрэ а зызэпкъзыпIэ щlымрэ дэтхэнэр нэхъ щlасэ?..» «Укъытримыч ущIэпхъэуну, кьэуш, щlэпхъуапIэ льэпкъ щыIэкъым, а щlы щlыЭрщ уи псэр иджыпстукlэ щlэхэлъыр. Зекъуэзылlэ абы умыукlытэу, зыми укъыпlагъуркъыми, зыми уэ ури-Iуэхукъым - псоми я щхьэщ я Iуэхужьыр, уэри уи щхьэ и Iуэху зехуэ: щылъ, пIэльэ!.. Плъагъужьыну пIэрэ а кьыптеудыжьэ ажалыр пщхьэщыкlауэ?.. Хьуэ уемыхъуэхъу а уи щlыуынэр зыщlам - ар бийрщ зекр...»

Зэман щхьэкlэ щlэгъэжьащ. Сэлэтым и фочищ, минрэ щийрэ бгъущIрэ зы гъэм ящIауэ, щэщI гъэм зэрагъэзэхуэжауэ - сэлэтищым я фочищыр, мыжурэ Iэзэрупсейри я шыуанжьейр фIадзэжауэ мэпщафIэ - щэджагъащхъэ ящI, и чэзу хъущи, а и чэзур кьыщlыхьэ щlэдзэ - сэлэтищым я лэгъуэпIэмпIэр щызэфIдзар Рейхстаным и етIуанэ этажым Ещанэ Рейхстагри и архив-документэмкlэ я гъаво кашэр я сэлэт шыуанжьеим зэрригъавэм...

Мис араш, къуэш, Теxуэныгъэ кlуэцlыр.

Мы лэгъупIэмпIэм кьеуавэкlа сэлэтищым нэгъуэщI сэлэт Iэджи блокI, шыуанжьейм хуеплъэкlэ Iэ я гурыIупс кьажэу - сэлэтым и ныбэ изми, ишхьи ильагъуэ, и гурыIупс кьожэ, - офицери блокIэр, ауэ сэлэт фочищым я мыкъалэн зэрыграгъэгъэщlэм щхьэкlэ кьешхьэдэркъым: иджыри кьэс я кьалэн ягъэщlауэ ялытэ хъунщ. Генерал блэкlыр кьэувыIэри честым жэуап кьритыжа нэужь: «А пробу можно мне снять, хлопцы?» - жиIэри кьайупщlащ. Генералыр зы лошкlэ ехьупри: «Нет, хлопцы, не совсем готова наша каша!» - жиIэри ежьэжащ, и пащIэкlэ щIэгуфIыкlыж, сэлэтищым яз аргуэру ехьупыкри: «А генерал прав» жиIэжауэ адэкlэ шыуанжьеим гъэсын щlелъхьэ. Шыуанжьеим зретIэ, зресэ, кьылтысыжа пщIэм хуэфэщэну барыня «кьофэ», лявониуэ йоущкlэ, исльэмей ещI, Хьэпакъыу зыхетIэж. МакъкIи льэкlкьигъанэркъым: мэфий, мэкlий, мэдыхьэшх, магъ, кьолъалъэ - льэкlкьигъанэркъым. КьыщIигъэнэни щlыIэкъым - махуэ кьэс кьыхуихуэрэ апхуэдэ гуфIэгъуэ шыуанжьеим?! Гуарцэм щиГъэфыщlа зэман гужьеитIуэр кьыхьуэзыштуэтыхьи! Кьэрэкъуэрэ псыфыр-щэ!.. Хьэуэ, а кьоскъыр игу кьыщlигъэкlыжьын щыIэкъым - кьрефэ хуеиху: шыуанжьей гъащlэм кьриуфыдэу кьыльысащ абы насыпI! Гитлер и канцеляриер гъэсын щlыжауэ сэлэт щэджэгъуашхэ ирегъавэ. Ураа, маржэ! Гъавэ уэ!..

Сэлэтищ мэжэлIар-щэ? ГуфIэжу пошlэ я текIуэныгъэм и нэхъ льагапIэ дыдэ, рейхстагым и етIуанэ этажым Ещанэ Рейхстагри и архив-документэмкlэ я гъавэ кашэр я сэлэт шыуанжьеим зэриГавэм...

Мис араш, къуэш, Теxуэныгъэ кlуэцlыр.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

●Спорт хъыбархэр

Батырщ псомиефIэкlар

Налшык дэт «Дальэ» шахматшащэ клубым иджыблагъэ щекlуэкlащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиIэ и гъэжьакlуэ Хьэпэ Залымбий и фэепIэу къызэрагъэпэща шахматхэмрэ щэнхабзэмкlэ етIуанэ зэхьэзэхуэ.

МЫ СПОРТ лIэужьыгъуэм ди республикэм зыщlегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэхуэзыщlа Хьэпэ и фэепIэ зэпеуэм кьрихьэлIахэм псалъэ гуапэкlэ зыхуагъэзащlа Налшык кьаэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкlэ и комитетым и унафэщI Бузд Бесльэнрэ шахматэмкlэ республикэм зыбжанэрэ и чемпион хьуа Кьаркъуэ Мажмудинрэ.

Турнирым хэтащ спортым и мастер хэту Козак Александрэ Темыркъан Давидрэ, спортым и мастерыр и кандидату 25-рэ - псорэ зэгъусэу спортсмен 50.

Шахматымкlэ зэпеуэм щытекIуаахэр кьыщlалъытэжар дэтхэнэми зэIущlэ бгъурыбгъу иригъэкlуэкlа нэужьщ. Гуащlэу зэпэщlэгъахэщ - кьыхамыгъащlэу зыри кьэнаплъым. Кlэщlэр щыIэ хэкlар

Козакрэ Май кьалэ щlыщ Къер Батыррэ щlэзэIущlарщ. Зымащlэкlэ и хьэрхуэрэгъуэм ефIэкlа ди лъэпкъэгъуэ фэеплъ зэхьэзэхуэм пашэ щlыхьуащ. Ещанэ убыпIэр кьыIыпсащ Темыркъаным.

Хьыджэбз щыкlуэм я зэпеуэм зэIущlэ бгъурыбгъу иригъэкlуэкlа нэужьщ. Гуащlэу зэпэщlэгъахэщ - кьыхамыгъащlэу зыри кьэнаплъым. Кlэщlэр щыIэ хэкlар

Козакрэ Май кьалэ щlыщ Къер Батыррэ щlэзэIущlарщ. Зымащlэкlэ и хьэрхуэрэгъуэм ефIэкlа ди лъэпкъэгъуэ фэеплъ зэхьэзэхуэм пашэ щlыхьуащ. Ещанэ убыпIэр кьыIыпсащ Темыркъаным.

Хьыджэбз щыкlуэм я зэпеуэм зэIущlэ псоми шэч кьызыгъэмыльэн текIуэныгъэ кьыщlалъытэжар Эдильсултановэ Залинэ. Абы кьыкlлъыкlэ Зурман Татьянэрэ Пщыхьэщlэ Динаерэрэ.

Шашкэмкlэ зэхьэзэхуэм хэтащ спортсмен 16, абыхэм ящlыщу спортым и мастеру 5. Iпэ увыпIэм щыщlэбыдащ Щэджэм районым и лыкIуэ Мафlэдзэ Анатолэ. Прохладнэдэс Кузин Владимир етIанэщ. Жэз медалыр кьыльысащ налшыкдэс Дол Барэсбий.

ЕФЭНДЫ Ермэнбий.

Бэнэкlэ лIэужьыгъуэщlэм щытекIуащ

Мы махуэ хэм Санкт-Петербург щызэхэщlащ трэнплингымкlэ (бэнэкlэ лIэужьыгъуэ) дунейпсо чемпионат. Абы хэтащ ди лъэпкъэгъуэ Батыр Рустам.

ДЖЫ АПДОКlУ щэ Аминэ и гъэсэным иригъэкlуэкlа зэIущlэ псоми шэч кьызытумыхьэн текIуэныгъэ кьыщlалъытэжар Эдильсултановэ Залинэ, Абы кьыкlлъыкlэ Зурман Татьянэрэ Пщыхьэщlэ Динаерэрэ.

Зыгъэжьэзырар

КЪЭХЪУН Бэчщ.

Ди кьалащхьэм щыкуэдщ удз гъэгъа тхьапхъэщlыпхьэкlэ гъэщlэгъуэ Iуащхьэхэр.

●Гъэмахуэр - Налшык и уэрамхэм

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

●Псэлъафэхэм къарыкIыр

Ер вы бжьакъуэм къокI

Фо бошкIэр гушыхуэ лошкIэм иуIэпIащ.
ПщIэ щIагъуэ имыIэу, ауэ гурымыхьу щыт мащIэ тIэкIум фIы псори (ар ирепIуэху, ирегукъанэ) Iей ещIыф.

Псым хэмыхьэу бдзэжьей ишхынущ.
Гугъу зрамыгъэхьу, мыпщIантIэу тхъэн хьилагъэр хьэл зыкъэхьэхэм ятеухуащ.

Ер вы бжьакъуэм къокI.
ЩIхьэусыгъуэ мыхьэнэшэ дыдэкIи бэлыхьышхуэ къыщыхъу щыIэщ.

Фо зезыхьэ и Iэпэ йобзей.
«Фейдэ, хьер зыпылъм пыщIа цIыхум сыт щыгъуи зыгуэр къыIыос, хокъуеикI» жыхуиIэщ.

ХьэщIэр хьэзыр щхьэкIэ, бысымыр хьэзыркым.
«Iэнэм занщIэу къытригъэувэн хуэдэу ерыскъы зыхэзыр бысымым имыIэнкIи мэхъу» жыхуиIэщ.

Къуийм и пыIэр щхьэрыхуэм, уцIыгъжыкым.
«СыкъыщIэщыщ сыкъыщIэщ щIыбжыкIэ мыхьэнэ иIэкъым» жыхуиIэщ. ЯфIэемыкIу, зытеукIытыхь гуэр IэмалышагъэкIэ къыжаIэн, сэтей кваращын хуей щыхъум джв кьапсэлъ хабэзщ.

БгъэпIыщэмэ, мывзри зэгуоуд.
Гугъуехь зэпытым, гуауэм, н.кь. и пIэ кърашыфынущ, кьагъэгубжьыфынущ цIыхур нэхь Iэдэб, зэтет, тэмакъкIыхь дыдэри. Зыгуэрым шыIэныгъэу иIэр иухауэ афIэкIа щыхуэмыхьыжьым джв кьыззрытгэмакъкIэщIым теухуауэ жаIэ хабэзщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

●Теплъэгъуэкэр

«Ди анэм и кхъухь хужьым дису зыплъыхьакIуэ докIуэ!»

●Шхыныгъуэхэр

Прунж хьэнтхъ–упс, кIэртIоф

Прунж хьэнтхъ ЩIагъу зыхэдза псы кьэкъуалъэм хакIутэ, зэIащIэурэ. Тхъурымбэр кьытрахыурэ дакъыкьих-блыкIэ ягъавэ. ЗэпэпIимэ щIыкIуурэ упщIэта кIэртIофыр халъхьэри, зэIащIэурэ зэ кьытрагъэкъуалъэ. ИтIанэ мафIэр щабэ ящI, шыуанащхьэр трапIэри зэ ззэзмыз зэIащIэурэ дакъикьэ 20-25-кIэ ягъавэ. Хьэзыр хуэ Iуа тхъурымбэм бжьын гъэлыбжьа традзэри шыуанащхьэр тепIауэ дакъикьитху-ыкIэ щагъэт. Iэнэм пщтыру трагъэувэ, кьэнтхъурей трапхъэри. Щакхъуэ е лэкъум дашх.

Хэлъхьэкэр (зы цIыху IыхьэI):

Псыуэ - грамм 700
Прунжу - грамм 50

КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 50

Кьуэнтхъурейуэ - грамм 10
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам:
Тхъууэ - грамм 20
Бжьын укъэбзауэ - грамм 20

Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

●Щыхущхуэхэм я гупсысэхэр

Телъыджэм ильэс бжьыгъэ токIуадэ

ЩIэныгъэ щIыщыIэр зебгъэубгъын щхьэкIэщ.

ЭМЕРСОН Ралф, *америкэ философ, усакIуэ.*

Псом нэхъыб нэхъыбIэр зыгуэркIэ сэбэн умыхьуу дунейм утетыныр.

КАРАМЗИН Николай, *урыс тхакIуэ.*

Федэжь, зэвгъащIэ, фыгупсыси а псоми кьыхэфхьыж нэхъ кьыфхуэсэбэпынур.

ПИРОГОВ Николай, *урыс хирург.*

Нэхъыбэкъым пщIэн хуейр - нэхъыбIырщ.

РУССО Жан Жак, *франджы тхакIуэ.*

ЦIыхум нэхъыбэ ищIэху нэхъ лъэщщ.

ГОРЬКИЙ Максим, *урыс тхакIуэ.*

ЩIэныгъэ псоми я ГункIыбзэIухыр щIэщ нагъыщрэщ.

БАЛЬЗАК Оноре, *франджы тхакIуэ.*

Зыгуэр тельыджэ пщыхьуным хуейр зы дакъикъ закъуэщ, тельыджэ гуэр пщIэнымэ илъэс бжьыгъэ токIуадэ.

ГЕЛЬВЕЦИЙКлод, *франджы философ.*

Пщыхьэ щIэтыгъуэ

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **4.** 1965-1977 гъэхэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщIу щытащ. Абы и ужькIэ а къулыкъур Брежнев Леонид зыIэригъэхьащ. **9.** Санкт-Петербург кьалэм и унафэщI. **10.** Азербайджаным и лIыщхьэ. **11.** Адыгейм и апэ президент Джаурым ... **12.** 19-нэ лIэщIыгъуэм псэуа урыс усакIуэзыуэ Афанасий ... **13.** Политбюроим хэтхэм я дохутыру щыта. Горбачев Михаил и уэлиигъуэм СССР-м узынщагъэр хьумэныкIэ и министру лэжьащ. **16.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзэ тхакIуэ, «ШэджэмокIуэ лъэпкъыр» роман теплъыджэр зи Iэдакъэщ1кI. **17.** Кьэбэрдей лъэпкъ литературэм лъэужь дахэ кьыхъызына усакIуэ ... Мухьэз. **18.** Индием и апэ премьер-министру щыта, Индирэ Ганди и адэ Джавахарлал ... **22.** Хэку зауэщхуэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьа, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. Кьызэралъхурэ мы гъэм илъэс 90 ирокIу. **24.** АдыгэлI, кхъухьитатэзехуэу щыта, Совет Союзым и Iыхьужь. **25.** Батальон, полк, дивизэ ... **27.** Сталиныр кьыщалъхуа кьалэ. **28.** Индиэлыизым и премьер-министр. **31.** Лермонтовым нэгъуэщI усакIуэ куэдым я IэдакъэщIэкIэхэм узыщрихьэлIэ, ди республикэм щыIэ псыежэх. **34.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI ... Фаинэ. **35.** СССР-м кьэкIуэрейуэ, Палестинэм и унафэщIу щыта ... Арафат. **37.** КьэрIэн щыкIу. **39.** Пушкин ыр щысабиям и гъэсакIуэу щыта ... Родионовнэ. **41.** Дунейм тета композитор нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ Йоган Себастьян ... **43.** КIуащ БетIал и усэ цIэрыIуэ. Е Болгэ псым адыгэхэр зэреджэу щытащ. **44.** Нэмыщэ усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэ Генрих ... **45.** Югославиер кьутэжа нэхъ кьэхуэхуэ кьэралхэм ящыщ зы. **46.** 19-нэ лIэщIыгъуэм псэуа урыс еджакIуэщхуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Мэзкуу дэт мэкъумэш академиемкI.

Къехьу: **1.** А унэцIэр зэрахьэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзэ усакIуэмэ, уэрэд теплъыджэ куэд зи IэдакъэщIэкIми. **2.** Горбачев Михаил СССР-м и лIыщхьэ щыщытам ар Правительствэм и унафэщIу лэжьащ. **3.** Чеченов Ануар и пэкIэ КъБР-м и Парламентым и унафэщIу щытащ. **5.** Лейтенантым дежь щегъэжьауэ полковникым нэсыху а цIэмкIэ йоджэ. **6.** Мэлбахьуэ Тимборэ и ужькIэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и апэ секретару лэжьащ. **7.** Хрущев Никитэ и пэкIэ СССР-м и министрэм я Советым и унафэщIу щытащ. **8.** Бахьсэн куейм колхоз унафэщIу щыIэжьа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **14.** Ди республикэм и Правительствэм и УнафэщIу щыта. **15.** Нэхъ футболист цIэрыIуэу икIи нэхъ лъэщ дыдэу щыIауэ ябжьир аращ. НэгъуэщI командэхэм я гъуэм топ 1400-м нэс дигъэкIащ. А зырыщ футболымкIэ дуней псом и чемпион щэнейрэ хъуауэ щыIэр. **19.** Кьэбэрдей драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артист. **20.** Ди щыналъэм нэхъыбэу кьыщыкI жыг лIэужьыгъуэхэм ящыщытам ар Правительствэм и унафэщIу лэжьащ. **21.** Дунейпсо усыгъэм и классик Алиэрэ ... **23.** Щыхубзм фIыуэ яльэгъуа «Купсэ», «Губгъуэм ит тхъэрыкъуэ» уэрэдхэр зыгъэзащIэу щыта, КъБР-м щыIэхь зиIэ и артист ... ЛутIэ. **26.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI. **27.** Путин Владимир илъэс зыкъомкIэ щылэжьа кьэрал. Абы я бзэр и анэдэлъхубзэм хуэдэу ещIэ. **29.** IуэрыIуатэм кьыызэрыхэщыжьымкIэ, Фивэ кьэралыгъуэм и пащтыхьу щытащ. Абы теухуауэ пьесэ ятхащ драматургэ щIэрыIуэ зыбжанэм, ТIыжь Борисри яхэту. **30.** Сыбырым щыщ кьалэшхуэ, цIыху мелуаным щIигъу щыпсэууэ. **32.** Андропов Юрий и ужькIэ КПСС-м и ЦК-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ. **33.** Адыгэ лъэпкым и зы кьудамэ. **36.** Ди республикэм щыщ дзэзешэ щIэрыIуэ, адмирал, Хэку зауэшхуэм и зэманым Ищхьэрэ флотым и унафэщIу щыта Головко ... **38.** Хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу, режиссер щIэрыIуэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **40.** «СКЭП» заводым и рабочэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **42.** 15-нэ лIэщIыгъуэм псэуа узбек усакIуэ щIэрыIуэ. Еджагъэщхуэ ... Навои. Е Узбекистаным щыщ кьалэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мэкъуауэгъуэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Бэлагры. **5.** Атэлыкъ. **9.** КIыщ. **11.** Нарт. **12.** Псэгъу. **13.** Шакъэ. **15.** ПащIэ. **17.** Бэрэжьей. **18.** Индыл. **20.** Бжьыкэ. **23.** Кьуратыу. **24.** Iумахуэ. **29.** Бжьыхьэ. **30.** Хабзэ. **31.** ЕсэнтIыгу. **34.** Афэху. **36.** Шэру. **37.** Щыгъэ. **38.** Аркъэ. **39.** Анъуэ. **40.** Ерэхьурэ. **41.** Мэтхъэн.

Къехьу: **2.** Линэ. **3.** Гъэрпб. **4.** Жьышхъэ. **6.** Чтисей. **7.** Iэгъуп. **8.** Пушкин. **9.** Ашэмэз. **14.** Кьадиз. **16.** Альдэк. **19.** Iэныстэ. **20.** БжэIымых. **21.** Кьурт. **22.** Шхуэ. **25.** Абрагъуэ. **26.** МыщIэ. **27.** Абрагъуэ. **28.** Жэрымэ. **31.** Елгъэр. **32.** Налкъут. **33.** Гуартэ. **35.** Хущхъуэ. **36.** Шэрхъ.

Редактор нэхъыщхьэ ЪЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьакIэмыхьу Мэрэт** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Исэпэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIащ-нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

ЖЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуэщ1апIэхэм ядэлажьэмыжьхэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щысмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; здэщыкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

●Адыгэ пащтыхьхэр

Iэл-Музэффар «Сэифуд-дин ГутIэжь» (1259 - 1260)

«Iэл-Музэффар»-р цIэ лейщ, «текIуныгъэ, екъулIэныгъэ» кикIыу аращ. «Сэифуд-дин» уней цIэ лейщ, «диным и сэшхуэ» - жиIэу кьокI. «ГутIэжь»-ращ и цIэ дыдэр; хьэрыпыбзэкIэ зэратхар «КъутIыз»-щ, кьыззрапсэлъыр КъутIыз, КъэтIэз.

ГутIэжьыр Айбэчхэ я блыгуащIэу щытащ. Абы пащтыхьхьэр кьыщыIыхьэр езым и пэ ита Нурдин иужькIэщ. Ар, Нурдин, Нурдин и кьуэшри, я анэри хьэпсым иридзэри, пащтыхьу теувауэ щытащ, абы и щхьэусыгъуэри зыри зэран кьыхуэмыхьуу тэтэрхэм япщIэуэвэныр. Езым кьыззрильытэу щытамкIэ, тет пащтыхьыр ныжьыщIэт икIи зауэ хуэIуихуэщIэхэм хуэгъэсатэкъым. ГутIэжьыр пащтыхьу зэрытеувэу, тэтэрхэм зэрапэщIэувэн кьару зэригъэпсыгу щIидзащ.

Тэтэрыдзэм Хьэлэб кьалэ кьиштэри, зэтрикьутащ, адыгкIэ зигъэзэри, ДамасккIэ иунэтIащ. Аращ кьаштащ, кьалэм и унафэщIыр щIэпхъуэжащ.

Дамаск дэт тэтэрыдзэм и пашэм ГутIэжьым лIыкIуэхэр кьыхуигъэкIуат, зыкьитын хуейуэ зэрытхыль ИныгъэIу. ГутIэжьым лIыкIуэхэр иуклу, и дзэпщхэр зэхуишэри, кьимыкIуэту зэрызэхуэнум зыхуагъэхьэзырыну ягуригъэIуат. И дзэ зэгъэпэщар щыгъуэ, Палестинэ щыналъэм хыхьэ «Хьен Джалут», «Бисан» щIыпIэхэм деж щапэврри, тэтэрыдзэр Евфрат псыеижьым адэкIэ ихужащ. А текIуныгъэмкIэ ГутIэжьым хьэрыщIыналъэри мусылъмэнхэри тэтэр зэрыпсыкIуэхэм яшIэхьумащ, езым и хэкури нэхъ ин ищIащ.

ГутIэжьым текIуныгъэр кьихьауэ Мысырым кьызэрыгъэзэжащ, дзэпщхэм ящыщ Бейбарс езым хуэдэ адрейхэр кьитIэдэIуащ, ГутIэжьмыр пащтыхьыгъуэм тradзри, езым а пIэр иубыдащ.

ГутIэжьыр пащтыхьу зэрытетар зы ильэс иримыкъуащ.

Пащтыхь Бейбарс (1260 - 1279)

Бейбарс пащтыхьу тетащ 1260-1279 гъэхэм. Езыр кьызэрыхэкIа лъэпкъым теухуауэ хэтт тыркуцIыкIэ, хэтт тэтэрыгъ кьелытэ. Иужьрей илъэсхэм къэзахъэм, Мысырым кьыщыдагъэкIа фильмым традзыхьри, ар я лъэпкъэгъуу кьалытэ хьуащ. ИкIи иджырей Президентым и унафэкIэ кино трахыну и ужь ихьахэщ, ар я лъэпкъ лIыхъужьу кьалытэщ. Адыгэхэм Бейбарс я лъэпкъэгъуу кьалытэ, къэхутэныгъэхэри ирагъэкIуэкI. Сирием щыщ тхакIуэ **Таэпир Хьэлаф** и къэхутэныгъэхэм Бейбарс адыгэ лъэпкъым кьызэрыхэкIамкIэ тегъэщIалIэхэр кьегъуэт: «Бейбарс и лъэхъэнэм, «адыгэ», «шэрджэс» псалъэхэр зэрыщIэкIхэм, Кавказым щыщ псоми щхьэкIэ «тырку» е «тэтэр» жаIэрт. Ар зэщхьщ, Уэсмэн империем щыгъуэ Латин Америкэм Iэпхъуэ хьэрыпхэр ноБэми тыркуу кьызэралытэрщ.

«Бэхьрит» псалъэр хьэрыпыбзэщ, «хы», «тенджиз» кьокI. Щхьэщхэужьипщэ щIату кьащхэужа адыгэр, хы Iуфэм Iут еджапIэм щIагъэтIысхьэрти, абы щрагъаджэрт, щагъасэрт. А еджапIэр кьэзыухахэм, щIипIэм елытауэ, «бэхьрит» цIэр ятелукIырт.

НэгъуэщI тхыгъи щыIэщ, Бейбарс адыгэу зэрыщытыр кьитIэльэгъуэ. А тхыгъэр езы Бейбарс итхьыжу Темыр ЩIакъуэ хуигъэхьауэ щытащ. Абы щыжеIэ «Хьен-Джалут зауэм фи пащтыхьэ щытащ» щэрджэс зауэлIэкIэщ...» ЗэрытIущи, а зауэм и дзэпщ щытахэм яхэтащ Бейбарс. Абы и тхыдэр зытхьажаэмри кьыхагъэщащ абы тыркубзэ ищIэу зэрыщцымытар.

Бейбарс лъэкIащ Багдад кьалэм тэтэрыдзэ дихуэну, Аббасидхэм я хьэлифатыр абы дигъэтIысхьажьну, Европэм щыIэ пащтыхьхэм загищIэу зэгурыIуэныгъэхэр ярищIэлIэну, «Золотая орда»-ми мамырыгъэкIэ ягурыIуэну, хьм тет и кхъухьыдзэр иригъэрIэжауэ, псоми ятекIуэн хуэдэу. Жорзэхьэхэм япэщIэувэри, муслымэн щIыналъэр абыхэм ящIихьумащ. 1266 гъэм, пщы Кьалэунэ Ермэлы зэщIэхъеяхэм я деж игьакIуэри, аэр я пIэ иригъэувэжащ, я пащтыхь Хьесум и кьуэр гъэр кьишIри кьжьйуэжащ, ильэс кьэс тезыр пщыхькIа ятыну яхуигъэуври. Пащтыхь Бейбарс мусылъмэн хьэрыпхэм куэд яхуищIащ я щэнхабзэр, я бзэр, езыхэр кьыззтенэнымкIэ. Ар ерыщт Кавказым ис и лъэпкъэгъуэр зришэлIэнымкIэ, кьищахэм я бжьыгъэ шууей мин 40-м нэсат.

Пащтыхь Бейбарс щIэныгъэлIэхэм щIыхьышхуэ яхуищIырт: пащтыхьу хахьин щхьэкIэ цIыхубэри, динымкIэ щIэныгъэлIэхэри щыхьэт техьуэн хуейт, а увыпIэр абы зэрыхуэфащэм. Ахэр псори хуэарэзыт абы, ауэ щихъ Издин щэ кьытригъэр Бейбарс и щхьэхуитныгъэм. Абы ипкъ иткIэ, ар бзыщIи шыни хэмылъу, езы сультан хьунри яхэсу щIэупщIащ: «Уэ, Рукнуд-дин! (пащтыхь хьуну Бейбарс зыгъэльапIэ щIэ лейщ). Сэ зэрысщIэмкIэ, Уэ Бынднькъудаийм (топгъащэхэм я унафэщIщ) урейщ». Абдеймэ Бейбарс кьыщIишащ Бынднькъудаийм щхьэщэхупщIэ иритуу хуит зэрыхьужамкIэ щыхьэту кьэувкъэр. Абы и ужькIэщ, Бейбарс пащтыхь тахьтэр щылъагэсар. ЗэрауэтэжьмкIэ, щихъ Издин лIауэ щыдахьм, пащтыхь Бейбарс жиIат: «Иджыщ пащтыхь сыщыхьхьэр, мо щихъ Издин щыбгъэм захуигъаэзу, мыр пащтыхь хьунукъым жиIамэ, си тетыгъуэр абдеж щиухат».

Бейбарс Мысырым кьызэрыщыхутам теухуауэ тхыдэтхэ Бын Тыгърий Бердий етх: «Щихъ Издин кьыскъуиIуэтэжащ, пщы Бэдрудин кьыжьриIэжауэ, Бейбарс 1225 гъэм Кабчакым - Кавказым кьраашауэ. КьыщIрашам и щхьэусыгъуэри ныратт: тэтэрхэм гъэру яубыдахэм дахэтт, сэрэ Бейбарсрэ, (абы щыгъуэм аР илъэс 14-м ит) ящахэм я гъуэсэу Сивас кьалэ дахуащ; Сивас кьалэ дыщыззэфIэкIуэдри, етIуанэу дыпыззэрыгъуэтыжар Хьэлэб кьалэрщ. Езыр абы ирашри, Каир дэс пщы Алэдин Идкин Бундыкъударий иращащ...».

Мысырым щыIа япэ щэрджэс кьэраралъуэм лъэхдат щIынальэм и бедуинхэр игъэIуэсэну, ЩамкIэ щыIэ Аюбидхэм я щIэблэри игъэбэяну, кхъухьыдзэри лъэщу икIи щынахуэзыуэ хьм щызэрыгъэкIуэну.

Бейбарс сультIану зэрытеувэу, зы зэманым зэщIэхъеяныгъэу тIум Iууащ: зыр Каир кIуэц, етIуанэр Дамаск. Каир кьыщцыхьэри, Дамаск кьыщыухубеяри игъэужьыхащ. Ещанэ Iуэху абы кьыпIыщIа щIалэр аббасидхэм я кьэлIапIэр зэрыщIэрыпсыр, зы тхьэмахуэм тIэу топ джэгурт, зэм Дамаск, зэм Мысыр. Ар апхуэдизкIэ цIэрыIуэу хьуати, езыри и дуней тетыкIэри таурыхьыфэу кьаIуэтэжыртэ».

Бейбарс 1279 гъэм дунеим ехьыжащ. Езыми, и кьуэ Мухьэмэди я хьэдэхэр Дамаск дэт Амяд мэкъжьытым и кхъэм дэгъэнэ щхьэхуэ щаIэу щIэлъщ.

Бейбарс кьыкIэлъыкIуа пащтыхьыр Кьалэунэхэ Сейфуд-динщ.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Льэпкъ студием щIэтIысхьэхэм папщIэ

Мэкъуауэгъуэм и 16 - 17-эм сыхьэт 11-м щегъэжьауэ 17-м нэсыху ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щахуэзэнущ икIи чэнджэщхэр щратынущ адыгэ студием драмэ театрым и актер, режиссер �IэщIагъэхэмкIэ щIэтIысхьэхэм. КъекIуалIэхэм паспортхэр яIыгъын хуейщ.

ЕджапIэм зэрыщIэтIысхьэ щIыкIэм ятеухуа хъыбарым нэхъ зэпкъыгъуэгъуэ зыщцыхуэфщI хъунущ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и www.mkkbr.ru сайтым. Телефонхэр: 8 (8662) 47-23-68, 40-22-35.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Н ЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтеуэу зэпытщ щыгъкым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкI и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятащ.
Зы илъэсым газетыр 250-р кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ, редактору ТекIужь Зарет**э, корректорхэу **Щоджэн Заир** *(1, 4, 5-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 6 -нэ нап.)*, **корректорхэм я ЗэIэныкъуэгъу БатIитIэ Мариет.** *Компьютер гъэтым и теплъэр щIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.025● Заказ №1554

Хахуэм и анэр гъыркъым

Уи щхьэ закъуэ ухуэпсэужьыр гъащIэхъым.

Шапсыгъ.

Iей пщIауэ фIы ущымыгугъ.

Абаз.

Къуаншэм сытым джи зегъэзахуэ.

Осетин.

Уемыгупсыс пщIэм фIы кьыпэкIуэркъым.

Пэнэн.

ЗэгурыIуэныгъэ зэрымылъ унагъуэм насыпи илъкъым.

Ингуш.

Хахуэм и анэр гъыркъым.

Къумыкъ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 15-рщ.